**दिन–शनि** **दिनांक–13.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार नवगठित तीन विभागक जिम्मेवारी प्रभारी मंत्री सभ के सौंपि देलक अछि। कैबिनेट विभाग सँ जारी अधिसूचनाक अनुसार नागर विमानन विभागक जिम्मेदारी मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लऽग रहत। उच्च शिक्षा विभागक जिम्मेदारी शिक्षा मंत्री सुनील कुमार सम्हारताह जखनकि युवा रोजगार आ कौशल विकास विभागक जिम्मेवारी श्रम संसाधन विभागक मंत्री संजय सिंह टाइगर के देल गेल अछि।

---

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। लोक अदालत मे आपसी समझौताक आधार पर विभिन्न प्रकारक दीवानी आ किछु प्रकारक आपराधिक मामिलाक निबटारा कयल जा रहल अछि। लोक अदालत मे बैंक ऋण, बिजली वाद, वाहन दुर्घटना बीमा, वाहन चालान आ श्रमवाद एहेन मामिला आपसी सहमतिक आधार पर निष्पादित कयल जा रहल अछि।

---

राजगीर स्थित बिहार पुलिस अकादमी मे आइ प्रशिक्षु पुलिस अवर निरीक्षक सभक दीक्षांत परेड समारोह आयोजित कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी परेडक सलामी लेलनि। दीक्षांत परेड मे एक हजार दू सय अठारह प्रशिक्षु पुलिस अवर निरीक्षक सम्मिलित भेलाह।

---

एसएसबीक बासठिम स्थापना दिवस पर आइ पटनाक सीमांत मुख्यालयक दिस सँ बॉर्डर यूनिटी रनक आयोजन कयल गेल। एकर उद्‌देश्य राष्ट्रीय एकता आ अखंडता,

शारीरिक स्वास्थ्यक प्रति प्रोत्साहन आ सामूदायिक एकजुटताक बढ़ावा देब अछि। रक्सौल मे आयोजित कार्यक्रम सँ केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय, बॉर्डर यूनिटी रनक आरंभ कयलनि। एहि अवसर पर स्थानीय सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल आ विधायक प्रमोद कुमार सहित एसएसबीक वरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह। भारत–नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर चौहत्तरि अलग–अलग दौड़ कार्यक्रम सभक आयोजन कयल गेल। पश्चिम चंपारणक बेतिया मे आयोजित कार्यक्रम मे केन्द्रीय मंत्री सतीशचन्द्र दूबे सम्मिलित भेलाह। एम्हर, सुपौलक वीरपुर आ अररिया मे सेहो एसएसबीक दिस सँ बॉर्डर यूनिटी रनक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

राष्ट्र आइ संसद आतंकी हमलाक शहीद सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। तेरह दिसम्बर दू हजार एक के आजुक दिन सुरक्षाकर्मी सभ संसदक रक्षा करैत सर्वोच्च बलिदान देने छलाह। उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, कतेको केन्द्रीय मंत्री आ लोकसभा मे विपक्षक नेता राहुल गांधी संसद भवन मे शहीद सभ के पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————————

राज्य सरकार युवा लोकनि के निःशुल्क जापानी, जर्मन, कोरियाई आ अरबी भाषाक प्रशिक्षण देत। श्रम संसाधन विभागक सचिव दीपक आनंद जनौलनि जे स्नातक उत्तीर्ण युवा सभक अतिरिक्त इंजीनियरिंग, नर्सिंग, पॉलीटेक्नीक आ आईटीआई पास युवा सभ के विदेशी भाषा सिखबाक अवसर भेटत। ओ जनौलनि जे कौशल विकास मिशनक दिस सँ पटनाक दशरथ मांझी श्रम आ नियोजन अध्ययन संस्थान मे विदेशी भाषा सभक पढ़ाई के व्यवस्था कयल गेल अछि।

———————————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति के प्रशासनिक सुधार, तकनीकी नवाचार आ गुणवत्ता प्रबंधनक लेल तीन आईएसओ प्रमाण पत्र भेटल अछि। ई उपलब्धि हासिल करयवला बिहार बोर्ड देशक पहिल विद्यालय परीक्षा बोर्ड बनि गेल अछि।

———————————————————————————

ठंढ़ा के देखैत शिक्षा विभाग सभ सरकारी विद्यालयक लेल संशोधित समय सारणी जारी कयलक अछि। समय सारणीक अनुसार स्कूल भोर साढ़े नओ बजे सँ अपराह्न चारि बजे धरि संचालित होयत। माध्यमिक शिक्षा निदेशक सज्जन आर जनौलनि जे संस्कृत आ उर्दू विद्यालय सेहो संशोधित समय सारणीक अनुसारहि संचालित होयत।

————————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे भोर आ सांझक काल कुहेस लागल रहबा सँ ठंढ़ा में वृद्धि आभास भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान किशनगंज सात दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

————————————————————————————

अपराधी सभ एक फाइनांस कर्मी सँ हथियारक बल पर सत्रह लाख टाका लूटि लेलक।

————————————————————————————

दरभंगा जिला मे पुलिस पैघ कार्रवाई करैत राष्ट्रीय स्तर पर चोरी आ डकैती के घटित करयवला उत्तर प्रदेशक एक गिरोह के सात अपराधी सभ के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————————

समस्तीपुर जिलाक विभूतिपुर थाना क्षेत्र अंतर्गत सिंघिया घाट सब्जी मंडी लऽग उत्पाद विभागक टीम छापामारी कऽ भारी मात्रा मे शराबक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल।